# Jëfandikoo Saytu Wér-Gi-Yaram Ci Dëkk New York, Ak Nekkiinu Waytukki Bumu Mana Am

## Lu Ñuy Gën a Laaj ay Nit yu Jóge New York



Béppu doomu New York amna sañ-sañu jot paj mu baax, ak nekkiinu waytukki bumu mana am walla numu mën a fayee. Sàmmal sa bopp ak sa njaboot te nga jël pàj mi nga soxla ci sa wàllu wér-gi-yaram. Ay liggéey yu bare yu Dëkk bi, boole ci wér-gi-yaram ak ay liggéey yu jëm ci askan wi, ñépp ci New York mën nañu koo jot, ak nekkiinu waytukki buñu mana am.

### Serwiisu Wér-gi-Yaram

**Ana fu ma man a amee ay serwiisu wér-gi-yaram yu yomb ci Dëkk New York (New York City, NYC)?**
Man ngaa seet ay liggéey yu am solo ci NYC Health + Hospitals (H+H) yu jege yaw ci web bi ñuy wax **nychealthandhospitals.org** walla nga woote ci 844-692-4692 walla **311**, mbaa nga seet sa xaritaayu wér-gi-yaram ci sa dëkk ci **findahealthcenter.hrsa.gov**.

### Asuraansu Wér-gi-Yaram

**Ci yan xeetu asuraansu wér-gi-yaram la wara bindu?**
Ñiy jóge New York am nañu ay xeetu asuraansu wér-gi-yaram yu bari. Xale yi am 18 at walla lu ko néew ak ay jigéen werul yi Etaa wu New York mën nañu am asuraansu wér-gi-yaram ak nekkiinu waytukki buñu mana am. Ca Bërëb biy Saytu wallum Wér-gi-Yaram ak Xel ca NYC (NYC Department of Health and Mental Hygiene) am na fa ay boroom xam-xam yu yu la mën a dimbali ngir nga xam ndax am nga sañ-sañu jël asuraansu wér-gi-yaram. Boo bëggee yeneeni leeral, wooteel ci **311** walla nga dem ci **nyc.gov/health/healthcoverage**.

Bu fekkee ne dem nga ci benn bérab bu ñuy wax NYC H+H, laajal ab Xelalkat ci wàllu Koom ngir mu dimbali la ci sàkku asuraansu wér-gi-yaram. Am nga sañ-sañu am ay serwiis ci sa làkk wi nga tànn, boole ci ay traduction yu ñu bind te di ko tekki ci sa kanam walla ci waxtu wu ñuy wax ci telefon.

Am nga it sañ-sañu jëfandikoo ndimbal yi nguur gi jox, niki wér-gi-yaram yi nguur gi fey ci lu dul ay berabu fajukaay yuy sax diir bu yàgg, te loolu du am jafe-jafe ak nekkiinu waytukki boo mana am. Su fekkee am nga ay laaj yu aju ci wàllu yoon jëm ci way tukki yi, wooteel ci 'liiñu ndimbal' bi ci 800-354-0365 Serwiisu Yoon biy saytu wallu way tukki yi ci NYC, Altine ba Talaata, ci diggante 9 waxtu ci suba ba 6 waxtu ci ngoon, ngir jot ay xibaar yu wer te wóor, ak ay lëkkalekaay yu jëm ci dimbali yoon lu aju ci way tukki yi te dekk bi finaanse leen, ci lu amul fay te wóor. Liinu ndimbal bi kenn moomuko te amul fay, te ndimbal li jàppandi na ci lu ëpp 200 làkk.

NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs
NYC Health
NYC HEALTH+ HOSPITALS

## NYC Care (Wér-gi-Yaram ci NYC)

**Amuma sañ-sañu jël asuraansu wér-gi-yaram. Naka laa mën a am ay serwiisu wér-gi-yaram?**
NYC Care ab porogaramu la buy jox ay serwiis yu amul fay walla yu njëg yi néew ci waa New York yi amul asuraansu wér-gi-yaram ndax seen nekkiinu waytukki ak seen katanu mana fay. NYC Care nekkul prograamu asuraansu wer-gi-yaram. Waaye, boo jotee ci xeewalu NYC Care, mën nga am ab kaartu mambar buy tax nga jot ci serwiisu wer-gi-yaram yu màt, tànn sa fàjkat bu njëkk bi, te jot ay garab yu seen njëk yombu. Serwiis yi nekk ci NYC Care yépp a ngi am ci bépp berebu wér-gi-yaram ci NYC H+H ci juróomi gox yi, boole ci 11 hopitaal yi ak ay fukki-fukki saataru wér-gi-yaram ci gox goxaat yi.

**Ñaata NYC Care di jar ak naka lañ ciy bokkee?**
Serwiisu wér-gi-yaram yi ci NYC Care danoo séer, walla kenn du ci fay dara, lépp mingi aju ci sa tolluwaayu kër ak say moomeel. Boo bëggee dugg ci NYC Care, wooteel ci 646-692-2273 walla nga laaj a daje ak Xelalkat ci wàllu Koom ci bépp bërëb ci NYC H+H. Boo bëggee yeneeni leeral, demal ci **www.nyccare.nyc**.

## Pàj Mu Gaaw Ngir Doomu New York Yi Amul Asuraansu Wér-Gi-Yaram

**Amuma ay asuraansu wér-gi-yaram, waaye soxla naa ay wallu yu gaaw. Naka laa lay di fay?**
Emergency Medicaid dafay dimbali waa New York yu néew-doole yi amul ay keyit walla ay tukkikatu tamporeer ngir fey ay serwiisu wer-gi-yaram su mbir yi jàmpee. Ñi dëkke New York te am sañ-sañu jot ci Emergency Medicaid, dinañu man a jot ci NYC Care ngir fey ay liggeey yu jàmpul, niki ay garab ak ay wisit ci seen liggéeykat yu yore wallu wér-gi-yaram yi.

Mën nga dugg ci Emergency Medicaid bu njëkk bi saa yoo amee ay mbir yuy ñëw yu jàmpu. Bu fekkee ne dem nga ci benn bérab bu ñuy wax NYC H+H, laajal ab Xelalkat ci wàllu Koom ngir mu dimbali la ngir nga mana duggu. Mën nga jot ay pàj yu gaaw ci bépp hopitaal ci NYC, te dunu ci xool sa nekkiinu waytukki ak sa katanu mana fay. Boo bëggee yeneeni leeral, wooteel ci 844-692-4692 walla **311**.

## Jëfe Yoon Ci Wàllu Tukkikat Yi Ak Jote Ci Ndimbalu Wér-Gi-Yaram

**Man tukkikat laa bu amul këyit. Ndax sama fajkat mën na ma boole ak kilifë yu fédéral yu yor wàllu tukkikat yi, niki Tukki ak Jëfe Yoonu Duwaane yi (Immigration and Customs Enforcement, ICE)?**
Fàjkat yi dañoo war a sàmm sutura wu ñiy faju, ak nekkiinu waytukki buñu mana am. Hopitaal yi ak kilinik yi duñu wax kenn lu jëm ci jàngoroy ñiñuy fàj te dakooruñu ci, lu dul su ko yoon sàkku (te bariwul lumuy am). Boo bëggee yeneeni leeral ci ni ay fajkat yi ci wallu wér-gi-yaram ci NYC H+H di sàmmee sa suturay way tukki yi, demal ci **bit.ly/letter-immigrant-new-yorkers**.

**Lan laa war a def, su fekkee ni ligéeykati ICE agsi nañu ca hopitaal ba may amee ay serwiisu wér-gi-yaram?**
Kilifë yi yor sañ-sañ ci wàllu way tukki yi mënu ñu amal benn ligéey ci hopitaal yi ak yeneen berebu fajukaay yi yu jëm ci wér-gi-yaram, lu moy ci ay mbir yu néew. Bo gisee ay ligéeykati ICE ci biir hopitaal bi, du lu war nga wax ak ñoom. Su fekkee ne benn ligéeykati ICE mingi jéem a dugg ci benn bérab bu ñu tëj, lu ci mel ni sa néeg ci hopitaal bi, am nga sañ-sañu tëj bunt bi te laaj ko ndax am na ab dogal (mbind mu jóge ci àttekaay binga xam ne àttekat bi dakoo siñee). Boo bëggee yeneeni leeral, demal ci **nyc.gov/immigrants** te nga sakku **"know your rights" (xam say àqq)**. Su la benn ligéeykatu ICE teeyee, ya walla say mbokk, man nga a woote ci liiñu ndimbal' bi ci serwiisu yoon biy saytu wallu way tukki yi ci NYC ci 800-354-0365 ngir jot ay ndimbëlu yoon yu wóor te do fay dara.